

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Masyarakat Sunda minangka salasihiji sélér di Indonesia anu beunghar kabudayaanana. Salasihiji adat istiadat nu aya di sélér Sunda téh nya éta adat ngalahirkeun atawa babaran. Éta prosés babaran téh minangka bagian tina daur hidup (*life cycle*), masarakat Sunda sok dibantuan ku paraji atawa indung beurang. Indung beurang nya éta sesebutan masarakat Sunda pikeun jalma anu sok mantuan dina prosés ngalahirkeun atawa di daérah séjén sok disebut ogé dukun beranak.

Baheula mah indung beurang téh lain saukur dibutuhkeun ku masarakat désa baé tapi ogé dibutuhkeun ku masarakat kota deuih. Ieu hal téh lantaran loba program jeung layanan kaséhatan pamaréntah anu can bisa ngungkulan pangabutuh masarakat nu ahirna loba indung jeung orok anu teu kapuluk nyawana dina prosés lahiranana (Anggorodi, 2009 kc. 10). Salasihiji panalungtikan nyebutkeun yén dina taun 2007 *Angka Kematian Ibu* (AKI) nya éta 228 per 100.000 nu ngalahirkeun (Aeni, 2013, kc. 453). Tapi, di jaman kiwari indung beurang arang langka dipénta bantuanana dina prosés ngalahirkeun di masarakat. Ieu hal téh lantaran ayana kamekaran/kamajuan dina widang kedokteran jeung pangaweruh kabidanan. Lian ti éta, akses pikeun meunangkeun pelayanan kasehatan (kabidanan) kiwari mah sasatna di unggal RW aya praktek bidan. Jadi, peran indung beurang atawa dukun beranak kiwari geus digantikeun ku bidan (Pramono. 2012, kc. 309).

Sok sanajan peran indung beurang kiwari beuki jarang, tapi aya kénéh warga masarakat nu nendeun kapercayaan ka indung beurang. Salasihiji daérah di tatar Sunda anu ngagunakeun jasa indung beurang nyaéta masarakat di Kecamatan Jatigede, Kabupatén Sumedang. Nurutkeun salasaurang warga (Hera, yuswa 19 taun) anu anyar kénéh ngalahirkeun tur ngagunakeun jasa indung beurang nya éta Ma Icem. Indung beurang leuwih sabab sacara sugésti leuwih ngareugregkeun

jeung ogé maké jajampéan. Lian ti éta, Ma Icem loba pangalamanana dipilih pikeun ngarawatan orok alatan leuwih tarapti jeung luyu kana adat nu aya saméméhna.

Nurutkeun Ma Icem nya éta salasaurang indung beurang di Désa Cisampih Kecamatan Jatigede, indung beurang geus jarang digunakeun lantaran ayana bidan désa anu jadi tanaga utama. Ma Icem ogé nyebutkeun yén kiwari mah aya denda nu kudu dibayar ku jalma anu ngalahirkeun, lamun ngalahirkeunna dibantuan ku indung beurang wungkul. Lian ti éta ogé, ayana anggapan yén alat jeung bahan nu digunakeun téh teu higienis. Salah sahiji alat nu dianggap kurang higénis téh nya éta hini anu biasana dipaké ku indung beurang pikeun motong tali puput puseur (tali ari-ari), jrrd. Padahal sacara tradisi unggal alat jeung bahan anu digunakeun ku Indung beurang dina prosés ngalahirkeun miboga harti jeung ma'nana séwang-séwangan, luyu jeung kapercayaan masarakat ti jaman baheula.

Anapon kitu, indung beurang angger aya jeung masih kénéh sok digunakeun jasa di sababaraha désa nu aya di Kecamatan Jatigede, salasahijina nya éta di Désa Cisampih, Ciranggém, Kadujaya, jeung Cijeungjing. Masarakat nu aya di opat désa ieu masih kénéh ngagunakeun jasa indung beurang dina prosési ngalahirkeun lantaran tumut kénéh kana adat nu diturunkeun ku kolot-kolotna. Lian ti kitu, masarakat ogé percaya kénéh kana kamampuh indung beurang dina ngarawatan nu keur kakandungan nepi ka ngalahirkeunana.

Nurutkeun konsép anu disusun ku Departemen Kesehatan RI taun 1994 (dina Kasnodihardjo, 2014 kc. 58), dukun beranak atawa indung beurang nyaéta jalma anu dianggap bisa jeung dipercaya ku masarakat pikeun mantuan prosés ngalahirkeun jeung ngarawat indung jeung budak saluyu jeung kabutuhan masarakat. Sedengkeun nurutkeun Adimihardja (dina Anggorodi, 2009 kc. 10) indung beurang nyaéta salasaurang awéwé atawa lalaki anu mantuan dina prosés ngalahirkeun. Indung beurang biasana miboga kamampuh pikeun mantuan prosés lahiran sacara turun-tumurun ti kolot atawa sesepuh ti pihak kulawargana. Malah mah Indung beurang biasana dipercaya ku masarakat pikeun ngajaga awéwé nu

keur kakandungan ti mimiti kakandungan nepi ka waktuna lahiran jeung nalika orok geus babar ka alam dunya (Mustafa, 2010 kc. 21-49).

Indung beurang ogé lian ti dipercaya ku masarakat pikeun ngurusan nu kakandungan ogé sok ngarawatan nu boga panyakit jeung kanyeri anu ngabutuhkeun jasa, saperti diurut atawa dipijet sakumaha anu didéskripsikeun dina kumpulan carita pondok (Dua Paraji, karya G.S., 1978, kc. 24-32). Contona indung beurang sok ngurut/ ngirab ka anu kakara ngalahirkeun. Ngirab nyaéta hartina miceun, maksudna nyaéta miceun sagala panyakit atawa halangan pikeun anu kakara atawa bérés ngalahirkeun, misalnya nyanyeri awak, jeung nyeri anu séjénna (Soeganda, 1982, kc. 51). Lian ti kitu indung beurang sabenerna geus miboga pangaweruh ngeunaan ngalahirkeun tina tanda-tanda nu nyampak dina diri nu keur kakandungan jeung dina prak-prakan ngalahirkeun sok ngalakukeun heula strérilisasi kana pakakas nu digunakeun dina prosés ngalahirkeun (Pramono, 2012, kc. 311). Ku kituna, indung beurang téh miboga jasa nu kawilang penting dina daur hirup (*life cycle*) urang Sunda, hususna nya éta dina sawatara prosési ngalahirkeun nu aya di tatar Sunda.

Salah sahiji pangaweruh indung beurang ngeunaan obat-obatan nya éta ku ayana tradisi mahinum nyaéta nyieun rurujukan tina campuran konéng gedé, cariu, béas, jsb. Tapi di sababaraha daérah ogé mahinum biasana dilakukeun saupama umur orok geus nincak ka opat puluh poéna (nyaéta dina salah sahiji adat ngayun) carana nyaéta ngayunkeun orok dipakéan geulang ku konéng tuluy dipakéan génggé emas, di kongkorongan sarua konéng jeung ditalian ku benang bodas.

Sanajan kiwari geus loba bidan atawa dokter anu mantuan dina prosési lahiran, tapi indung beurang teu bisa kitu waé ditinggalkeun ku masarakat di sababaraha désa nu aya di Kecamatan Jatigede. Sabab indung beurang téh kaasup salah sahiji tokoh masarakat anu miboga jasa penting dina prosés lahiran. Ieu hal lantaran peran Indung beurang teu saukur ngabantuan dina prak-prakanana tapi ti saméméh jeung sabada lahiranana.

Peranan indung beurang nu kawilang penting nyaéta dina unggal prosés lahiran ti mimiti ngurus kakandungan, brolna (borjolna orok), nepi ka orok umur 40 poéan. Lian ti kitu, alat jeung bahan anu digunakeun ku indung beurang dina prosési lahiran téh kaasup salasihiji produk budaya anu kudu dijaga. Ieu hal lantaran unggal alat jeung bahan éta miboga ma'na atawa harti séwang-séwangan dina prosési ngalahirkeun, iwal ti kagunaanana sacara umum.

Panalungtikan saacana anu ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan nu dilakukeun ku, Kasnodihardjo, dkk. (2014) anu medar ngeunaan *Peran Dukun Bayi Dalam Menunjang Kesehatan Ibu dan Anak*. Hasil tina éta panalungtikan nyaéta jasa dukun *bayi* téh masih kénéh diperlukeun jeung miboga peran penting pikeun kahirupan masarakat di désa Gadingsari, lantaran dukun anak atau *bayi* miboga peran séjén salian ti ngabantuan dina prosés lahiran tapi ogé miboga hubungan sosial jeung émosional jeung kulawarga anu ngabutuhkeunana. Lian ti éta, aya ogé panalungtikan nu dilaksanakeun ku Rina Anggorodi (2009) ngeunaan *Dukun Bayi dalam Persalinan oleh Masyarakat Indonesia*. Dina ieu panalungtikan medar hasil yén peranan dukun *bayi* atawa dukun *beranak* raket patalina jeung kabudayaan jeung kabiasaan nu aya di daérah séwang-séwangan.

Alat jeung bahan nu kaasup properti indung beurang dina prosési ngalahirkeun mangrupa salasihiji objék anu bisa dijadikeun panalungtikan. Dina wangun skripsi panalungtikan ngeunaan indung beurang téh salasihijina nyaéta panalungtikan nu dilakukeun ku Rima Setyawati (2014) judulna *Peranan Dukun Bayi dalam Perspektif Masyarakat Jawa Terhadap Proses Persalinan di Dusun Noloprayan Desa Jatirejo Kabupaten Semarang Jawa Tengah* anu medar ngeunaan peran dukun *bayi* dina prosés ngalahirkeun di lingkungan masarakat kabupatén Semarang Jawa Tengah jeung Ahmad Fauzi (2015) *Peran dan Kedudukan Dukun Bayi di Desa Sriwungu, Kecamatan Tlogomulyo, Kabupaten Tumenggung* anu medar ngeunaan peran jeung kedudukan sosial dukun *bayi* di désa Sriwungu, kabupatén Tumenggung.

Sasaruaan dina ieu panalungtikan jeung nu dilakukeun ku Rima Setyawati ogé Ahmad Fauzi nyaéta sarua medar ngeunaan peran Dukun Bayi atau Indung beurang dina prosés ngalahirkeun di masarakat. Sedengkeun bédana ieu panalungtikan jeung anu saacana nyaéta dina sumberna. Sumber dina panalungtikan nu dilakukeun ku Rima Setyawati nya éta dukun *bayi* jeung masarakat di Dusun Noloprayan désa Jatirejo Kabupatén Semarang Jawa Tengah, sedengkeun ieu panalungtikan sumberna nya éta Indung beurang nu aya di Kecamatan Jatigede, Kabupatén Sumedang. Lian ti kitu, nu ngabédakeun ieu panalungtikan nya éta mangrupa data wawancara ngeunaan peranan indung beurang dina prosési ngalahirkeun di Kecamatan Jatigede jeung properti atawa alat jeung bahan anu digunakeun ku Indung beurang dina prosés ngalahirkeun.

Pikeun ngungkulan masalah dina ieu panalungtikan dipaké pamarekan Sémiotik. Sémiotik nyaéta élmu atawa métode analisis anu ngakaji ngeunaan tanda (Sobur, 2018, kc. 15). Sarupaning hal anu aya pakaitna dina prosés ngalahirkeun jeung properti nu digunakeun ku indung beurang dina prak-prakanana dianalisis ngagunakeun ieu pamarekan.

Pentingna ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho prosés ngalahirkeun anu dibantuan ku indung beurang utamana prosési ngalahirkeun nu aya di Kecamatan Jatigede jeung properti anu digunakeun ku indung beurang di Kecamatan Jatigede, Kabupatén Sumedang. Lian ti kitu ieu panalungtikan ogé pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan prosési ngalahirkeun nu aya di Kecamatan Jatigede jeung properti dina ngalahirkeun nu dilakukeun ku indung beurang dumasar simbol, fungsi, jeung kagunaan nu aya di jerona ngagunakeun analisis sémiotik. Sabab saupama teu ditalungtik leuwih jero, prosés lahiran jeung properti nu digunakeun ku indung beurang salaku salasihiji kabudayaan di masarakat bisa leungit. Ku kituna perlu diayakeun panalungtikan kalayan judulna “*Peran Indung beurang Dina Prosési Lahiran di Kecamatan Jatigede Kabupatén Sumedang*”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang panalungtikan di luhur aya sababaraha masalah anu nyampak.

- 1) Indung beurang kurang digunakeun deui jasa dina prosési ngalahirkeun, kaasup properti anu digunakeunana geus jarang dipikawanoh ku masarakat, hususna di masarakat nu aya di sababaraha désa di Kecamatan Jatigede, Kabupatén Sumedang. Padahal jasa indung beurang dina prosési ngalahirkeun di masarakat téh kawilang penting jeung kaasup budaya anu sakuduna dijaga ku balaréa.
- 2) Usaha pikeun ngaguar jeung ngawanohkeun properti nu digunakeun ku indung beurang dina prosési ngalahirkeun, ku cara ngaranjing-ranjing (klasifikasi) properti nu digunakeun dina prosési ngalahirkeun (pra, lumangsung, jeung pasca ngalahirkeun), tuluy diguar simbol, fungsi, jeung kagunaan unggal properti (alat) nu digunakeun ku indung beurang dina prosési ngalahirkeun di Kecamatan Jatigede. Ieu hal sangkan masarakat leuwih apal deui kana peran jeung kagunaan unggal properti anu digunakeun ku indung beurang salaku hiji produk kabudayaan nu kudu dijaga sacara turun tumurun.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar idéntifikasi di luhur, rumusan masalah nu bisa dipaluruh nya éta:

- 1) Naon waé tugas/pancén indung beurang dina prosés lahiran nu dimimitian ku ngurus nu kakandungan, brolna orok, nepi ka orok umur 40 poéan di Kecamatan Jatigede?
- 2) Kumaha peranan indung beurang bihari jeung kiwari sabada ayana bidan désa? Faktor naon waé nu nyababkeun indung beurang aya kénéh nu mercaya?
- 3) Naon waé properti (alat) nu digunakeun ku indung beurang dina prosési ngalahirkeun (ti mimiti kakandungan, brolna orok, nepi ka orok umur opat puluh poéan) di Kecamatan Jatigede?

- 4) Naon waé simbol, fungsi, jeung kagunaan unggal properti (alat) nu digunakeun ku indung beurang dina prosési ngalahirkeun (ti mimiti kakandungan, brolna orok, nepi kaorok umur opat puluh poéan) nu aya di Kecamatan Jatigede?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun ngariksa jeung ngajaga tradisi nu aya di Kecamatan Jatigede Kabupatén Sumedang, hususna pikeun mikawanoh peran utama Indung beurang dina sawatara prosési ngalahirkeun jeung properti nu digunakeunana pikeun nambahan pangaweruh keur masarakat nu aya di tatar Sunda.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun peran indung beurang nu dimimitian ku ngurus nu kakandungan, brolna orok, nepi ka orok umur 40 poéan di Kecamatan Jatigede
- 2) Pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun peranan indung beurang Bihari jeung kiwari sabada ayana bidan désa di Kecamatan Jatigede.
- 3) Pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun properti (alat) nu digunakeun ku indung beurang dina prosési ngalahirkeun (ti mimiti kakandungan, brolna orok, nepi kaorok umur opat puluh poéan) di Kecamatan Jatigede.
- 4) Pikeun ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsikeun simbol, fungsi, jeung kagunaan unggal properti (alat) nu digunakeun ku indung beurang dina prosési ngalahirkeun (ti mimiti kakandungan, brolna orok, nepi kaorok umur opat puluh poéan) nu aya di Kecamatan Jatigede

1.4 Manfaat Panalungtikan

1.4.1 Manfaat Tioritis

Manfaat secara teoritis nya éta bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan indung beurang hususna ngeunaan peran indung beurang dina prosési ngalahirkeun di Kecamatan Jatigede. Lian ti kitu, pikeun panalungtikan anu leuwih jero ngeunaan Properti nu digunakeun ku indung beurang di Kecamatan Jatigede Kabupatén Sumedang, dumasar simbol, fungsi jeung kagunaanana.

1.4.2 Manfaat praktis

Manfaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta:

1) Nu nalungtik

Pikeun ngeuyeuban pangaweruh sarta pangalaman dina nalungtik ngeunaan peran Indung beurang dina prosési ngalahirkeun di Kecamatan Jatigede, Kabupatén Sumedang jeung properti anu digunakeun ku indung beurang dina unggal prosési ngalahirkeun nu aya di Kecamatan, Jatigede Kabupatén Sumedang.

2) Masarakat Umum

Pikeun masarakat umum nya éta méré informasi boh ngaliwatan media sosial atawa sacara langsung ngeunaan peran Indung beurang dina prosési ngalahirkeun pikeun nambahan pangaweruh masarakat sacara umum.

1.4.3 Manfaat tina Segi Kawijakan

Sangkan pamaréntah leuwih merhatikeun jeung ngamumulé deui sarta ngapublikasikeun unggal prosési ngalahirkeun nu aya di Kecamatan Jatigede nu ngagunakeun jasa indung beurang, lian ti kitu sangkan masarakat umum mikanyaho peranan indung beurang dina sawatara prosési ngalahirkeun nu aya di Kecamatan Jatigede, Kabupatén Sumedang.

1.4.4 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Mangpaat isu sosial tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi ka sakabéh pihak, utamana pikeun masarakat umum ngeunaan peranan indung beurang jeung sakabéh prosési nu dilaksanakeun ku indung beurang nu ahirna ieu pangaweruh bisa dilarapkeun dina kahirupan salah sahijina dina prosési ngalahirkeun dilakukeun di masarakat.

1.5 Raraga Tulisan

Sacara gurat badag dina nyusun ieu skripsi kabagi jadi lima bab anu bisa diwincik saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka medar ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan anu diwincik jadi mangpaat praktis jeung téoritis, sarta raraga tulisan.

BAB II Ulikan Téori medar ngeunaan téori-téori anu aya patalina jeung peran Indung beurang, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir. Téori anu jadi dadasar dina ieu panalungtikan nyaéta ngeunaan indung beurang, Daur Hirup (*Life Cycle*) masarakat Sunda, Prosési ngalahirkeun, Properti indung beurang, jeung Simbol, Fungsi, jeung Kagunaan dina properti nu digunakeun ku Indung beurang.

BAB III Méthode Panalungtikan medar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik panalungtikan, téhnik panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung analisis data.

BAB IV Hasil jeung Pedaran Panalungtikan medar ngeunaan timuan tina hasil panalungtikan jeung wawancara ngeunaan peran indung beurang, proési ngalahirkeun nu dibantuan ku indung beurang, properti nu digunakeun ku indung beurang dina prosési ngalahirkeun, jeung unsur sémiotik nu nyampak dina properti Indung beurang di Kecamatan Jatigede, Kabupatén Sumedang.

BAB V Kacindekan, Implikasi, jeung Saran.